



Jean T Diometre

January 31, 2021

Biographie

Jean Telusma Diometre dit Barthelemy fet Acul-du-Nord, de la dame Louise Eustache et de son Pere Telusma Diometre, le 6 octobre 1942. Li te fini clas primaire li. Li te komanse ap travay ak pa pa li a laj 14 ans. Yon travaye, yon cultivate. Li te gen anpil fre ak se: Saint-Louima, Thelice, Thelicieu, Azema Louis, Oczy, Saphira, Virginia, ELipcie, Lorida, Amitie, Louiza. Bathe te marie a laj 28 ans avec la dame, Marie Estelina dit Therese. Yo gen 4 pitit: Wesley, Youselene, Mirline, ak Myrlande. 1o pitit pitit: Sleytnick, Layla, Rosediana, Shesna, Youdelie, Jenny Love, djoudelie, Jeremiah, Deborah, Lyndsey. Belle-fille ak beaux-fils: Nikette, Roles, Edril, Luc.

Apré li te finn marie ak manman nou, li te antre nan lavi ap goumen chak jou pou li nourri nou. Depi le m gen ti konprann, mwen jwenn li ap travay late, leve a 4e du maten pou chode du rix, chanje bet. Li te ap travay di an Haiti, sacle, vann tankou madan sar. Li toujou ap travay, pa janm parese. M soje yon fwa li te fe nou tout leve pou nou ale pran dlo avek li nan yon ravin. Le nou rive, dlo a te fret nou te pe antre. Li rele nou parese. Se Mimine, 3e pitit li a ki te antre anvan. Se konsa li te konn fe jaden e vann prduits yo portau-prince, Ouanaminthe, grand-turk, ak panama. Li te vinn kite Ayiti pou Nassau en 1987. Apré 6 mwa, li te vinn antre Miami. Nan lane 1995, li antre Maryland kote li te kontinye viv e fe anpil zanmi.

Li t ap rakonte nou koman parcours li te terrible le te fenk rantre Miami paske se le menm ki te premye rantre. Men paske li pa kapon, li te aproche moun et te jwenn pwochen pou edel. Li travay di nan Etazini pou sipote nou an Haiti. Li te travay nan Mountaire farms pandan 12 an e plizye restaurant. Li se yon chef cuisine.

Bathe se yon papa, yon bon papa, yon papa responsab. Li pat janm failli a mission li ki se te pran swen pitit li. Papam kontinye okipe jis nan laj adult san li pa janm dekouraje. Mwen ap konstate koman li ede anpil moun menm si yo te ap pran afe li. Yo te fel anpil abi men li pa te nan fe regleman. Sa yo bal li pran, li pa te fe regleman. Sa yo ba li pran, nansans sa li te tre naif.

Maladi a te komanse an Ayiti an Mai 2022. Li te kouche a partir de Novembre. Li pa te ka mache a partir de 14 decembre. Li te hospitalize pou 15 jou le 15 decembre paske li te fe blood clot. Yo te remet nou li pou nursing room ou byen hospice paske yo pa te ka fe anyen anko lopital la. Men nou te di se lakay la nap pran li. Nou te vini avek li lakay li pou nou te ka pran swen li. Dimanch 3 janvier, li te pran men mwen pou li te ka leve men pa li. Pandan 3 fwa, li di map di Bondye mesi. Mwen di li: “ Papa eske pandan ou kouche ou malad la ou santi gen fos anndan pou ou priye? “

Li te di: “ Oui, gen kommunikasyon.”

Pawol sa te banm anpil fos. Malerezman, li kite lavi sa lakay li le 31 janvier 2021.

Fanmiy Diometre la vle remercier tout moun ki te ede pran swen papa nou. Tout docteur, informiere, neveux, nieces. Nou vle remesye tout legliz la, pasteur, diacres, la chorale des dames, le groupe d’ hommes, pou support nou. Mesi a Bennie Smith Funeral home. Nap di mesi a tout moun ki te ede

nou nan lapriye. Mesi a tout moun ki ede nou yon fason ou yon lot.